



Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÈK SERI EGZIJANS AN MATYÈ MASK INIVÈSÈL
POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO NAN MITAN VARYANT DELTA K AP MOUTE A**

***Kouvèti figi obligatwa kounye a nan etablisman gadri yo ki reglemante pa Eta
pou timoun ki gen laj de zan e plis, tout anplwaye ak vizitè yo***

***Li mande pwogram rezidansyèl kolektif yo ki opere, lisansye, sètifye oswa ki
apwouve pa Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an (Office of Children and Family
Services) pou egzije mask pou tout anplwaye ak rezidan yo***

***Li mande pou pwogram ak etablisman ki lisansye oswa anrejistre pa Biwo Sante
Mantal (Office of Mental Health, OMH), Biwo pou Sèvis ak Sipò Adiksyon (Office
of Addiction Services and Supports, OASAS), Biwo pou Moun Ki Gen Andikap
Devlopmantral (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) ak
Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability
Assistance, OTDA) pou egzije mask***

Egzijans pou mete mask yo aplike kèlkeswa estati vaksinasyon an

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon seri egzijans an matyè mask inivèsèl ki fèt pou pwoteje Nouyòkè yo kont varyant Delta ki trè kontajye a ak dènye vag enfeksyon COVID-19 la nan tout eta a.

Egzijans lan aplike pou sant gadri ki lisansye ak anrejistre pa Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta New York, pwogram gadri familyal ak gwoup familyal adomisil, pwogram gadri apre lekòl ak pwogram gwoup ki dispansse legalman pandan lè operasyonèl yo. Aplike règleman mask la nan pwogram gadri yo pral bay konsistans ant timoun pwogram gadri yo ak timoun lekòl yo, anpil nan yo souvan pataje menm bilding yo.

Nouvo egzijans pou mask pral aplike tou nan pwogram ak etablisman kolektif yo ki lisansye, anrejistre, opere, sètifye oswa apwouve pa Biwo Sante Mantal, Biwo pou Sèvis ak Sipò Adiksyon, Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral, Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an, ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap. Sa enkli, men se pa sa sèlman pwogram rezidansyèl ak pwogram lajounen sètifye, etablisman sante mantal pou pasyan ki entène ak pou pasyan ekstèn, pwogram abi sibstans, pwogram detansyon jivenil, etablisman rezidansyèl jivenil, pwogram fanmi dakèy kolektif, jèn ki fijitif epi sanzabri, pwogram vyolans domestik ak lòt pwogram abri. Egzijans sa yo aplike pou nenpòt moun ki kapab tolere mete yon mask medikalman, kèlkeswa estati vaksinasyon an.

"Avèk Variant Delta k ap moute a, egzije mask nan gadri, etablisman sante mantal, ak etablisman abi sibstans se yon pati kle nan estrateji nou an nan yon sans ki pi laj pou ralanti pwopagasyon viris la, re-ouvri ekonomi nou an san danje, ak pwoteje manm vilnerab yo nan popilasyon nou an", **Gouvènè Hochul te deklare**. Pou timoun ki pa ko gen 12 zan ki pa ko elijib pou pran vaksen an, mask yo se pi bon liy defans kont enfeksyon COVID-19 la. Nouvo egzijans mask sa a asire ke timoun ki nan etablisman gadri nou yo resevwa menm pwoteksyon ak timoun ki nan lekòl nou yo."

Nouvo egzijans mask la nan etablisman gadri yo mete Eta New York an konfòmite avèk konsèy Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) federal la ke yo te pibliye an jiyè ki rekòmande mask inivèsèl anndan kay pou nenpòt moun ki gen de zan oswa plis ki pa ko pran vaksen kont COVID-19 epi ki kapab mete yon mask medikalman. Li mete tou etablisman gadri yo an akò ak egzijans mask lekòl yo ke yo te anonse nan premye jou Gouvènè Hochul te antre an fonksyon an.

Akoz Varyant Delta trè transmisib, gen gwo ogmantasyon nan ka yo atravè tout gwoup laj. Paske timoun ki pa ko gen 12 zan pa ko elijib pou resevwa vaksen an, gen gwo ogmantasyon nan ka yo pami timoun yo, ki tradwi pa yon pi gwo kantite ka ki grav. Lòt mezi pwoteksyon yo pral ede kenbe timoun New York yo an sekirite nan moman enpòtan sa a.

Komisè OCFS la, Sheila J. Poole, te deklare, "Nou tandè pale de anpil paran ak moun ki abite nan anviwònman kolektif yo k ap mande pou eta a egzije mask paske pwogram gadri ak pwogram rezidansyèl kolektif yo pa pral egzije pwoteksyon sa a san yon kegzijans eta. Nou vle kenbe tout timoun ak anplwaye yo nan pwogram gadri yo, ansamm ak anplwaye ak rezidan nan pwogram rezidansyèl kolektif yo san danje kont pwopagasyon enfeksyon epi mete yon mask se pi bon zouti nou genyen. Timoun yo vle tankou granmoun ki bò kote yo epi yo pral fasilman adapte yo ak egzijans mete mask la."

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare, "Li klè ke mask ede kontwòle ak anpeche pwopagasyon enfeksyon an. Depi nan konmansman kriz COVID-19 la, OMH te bay konsèy pou Etablisman ak Klinik ke Eta opere yo ak klinik ansanm ak founisè swen sante mantal ki baze nan kominote a ki rekòmande ak ankouraje pou yo sèvi ak mask ak lòt mezi pwoteksyon yo. Mwen trè kontan ke Gouvènè Hochul te franchi etap sa a pou etabli ak ranfòse egzijans mask yo ki pral pwoteje travayè swen sante yo, pasyan nou yo ak kliyan yo, ak kominote nou yo kont COVID-19."

Komisè OASAS, Arlene González-Sánchez, te deklare, "Bay bon kalite tretman itilizasyon sibstans nan anviwònman ki pi an sekirite posib te toujou nan premye plan travay OASAS la, sitou pandan pandemi koronavirus la. Kondisyon mask sa yo pral asire ke moun ki nan swen nou yo kapab konsantre sou sante yo ak byennèt yo, pandan y ap pwoteje tèt yo ak lòt moun kont COVID-19."

Komisè OPWDD a, Theodore A. Kastner, MS, MD, te deklare, "Asire pwoteksyon ak sekirite moun nou sipòte yo se pi gwo priyorite nou epi Gouvènè Hochul deja montre angajman kontinye li nan direksyon pou atenn objektif sa a ak apèl li pou mask inivèsèl pou moun ki ka tolere mask yo. Pandan n ap kontinye ankouraje anplwaye yo pou pran vaksen an pou kenbe tèt yo, pwòch yo ak moun nou sipòte yo an sekirite, li enpòtan tou pou nou kontinye swiv mezi pwoteksyon tankou mete mask ak lòt pwotokòl kontwòl enfeksyon pou kenbe Nouyòkè ki pi vilnerab yo pwoteje kont maladi grav oswa menm lanmò anba viris COVID-19 la."

Komisè OTDA, Mike Hein te deklare, "Nou pa ka pèmèt eta nou an retounen nan yon moman kote koronavirus la te pwopje atravè kominote nou yo prèske san rete. "Syans lan klè isit la: Mete mask se yon fason senp, dikrè pou diminye pwopagasyon viris sa a siyifikativman, ki gen ladan varyant Delta a ki trè transmisib. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te adopte yon apwòch bon sans nan direksyon pou lite kont pandemi kontinyèl la ak asire enstalasyon sa yo ki gen lisans oswa anrejistre pa eta a ap pran prekosyon ki nesèsè pou yo kenbe moun yo sèvi yo an sekirite."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)